

Nim. 202.23

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispanyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifiye pwovizwaman, pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 24 me 2020, sa nou pral site la yo:

- Seksyon 8-400 ak nenpòt pwovizyon ki nan Atik 9 nan Lwa Elektoral la (Election Law) pou ka mande yo voye yon fòmilè aplikasyon pou bilten vòt pou moun ki absan bay chak elektè ki nan sitiyaasyon aktif oswa inaktif epi ki kalifye pou yo vote nan yon eleksyon primè oswa espesyal ki gen pou fèt nan dat 23 jen 2020 ansanm ak yon opsyon kourye ki peye pou voye aplikasyon sa a tounen. Sa ta dwe an plis de nenpòt lòt mwayen ki genyen pou mande yon bilten vòt pou moun ki absan epi ki disponib, epi nenpòt elektè ta dwe kontinye ka mande yon bilten vòt konsa apati telefòn oswa entènèt oswa yon fason elektwonik. Nenpòt bilten vòt ke yon moun te mande oswa te resevwa pou elevsyon ke yo te replanifye anvan yo, oswa pou eleksyon primè yo ki gen pou fèt nan dat 23 jen 2020, yo ta dwe kontinye valid epi Konsèy Elektoral la ta dwe kontabilize yo si yo voye bilten vèt sa yo bay yo.

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 24 me 2020:

- Komisè Sante a gen otorizasyon pou sispann oswa revoke sètifika fonksyonman nenpòt etablisman retrèt oswa etablisman mezon retrèt ki kalifye si li te detèmine ke etablisman sa a pa ka adere a nenpòt règleman oswa enstwiksyon ke Komisè Sante a te bay, epi si li te detèmine ke li pa an konfòmite e malgre nenpòt lwa ki kontrè Komisè an ka nonmen yon reseptè pou kontinye operasyon yo sou avi 24 èdtan bay operatè aktyèl la, pou kapab pwoteje lavi, sante ak sekirite moun ki nan Eta New York yo.

- Eleksyon espesyal pou Asanble Eta a ak Sena Eta a, ki otreman te planifye pou yo fèt nan dat 23 jen 2020, avèk dokiman sa a, yo anile epi biwo sa yo ta dwe ranpli nan eleksyon jeneral yo. Eleksyon espesyal ki gen pou fèt pou biwo Prezidan Awondisman Queens lan, avèk dokiman sa a, yo anile epi biwo sa yo ta dwe ranpli nan eleksyon jeneral yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan vennkatriyèm jou mwa

avril nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a